



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ESPÒ NAN LEKÒL KI GEN MWENS RISK NAN TOUT REJYON YO KA KÒMANSE 21 SEPTANM

*Nou p ap otorize okenn pratik oswa jwèt ki mande vwayaje andeyò rejyon lekòl la oswa rejyon oswa konte vwazen yo jiska 19 oktòb*

*Espò ki gen plis risk yo ka pratike men pa otorize fèt nan moman sa a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a espò ki esponsòriz nan lekòl, ki gen mwens risk nan tout rejyon yo ka kòmanse pratike ak jwe apati 21 septanm. Sepandan, nou p ap otorize okenn pratik oswa jwèt ki mande vwayaje andeyò rejyon lekòl la oswa rejyon oswa konte vwazen yo jiska 19 oktòb Pou tout sezon espò otòn lan, espò ki gen risk ba ak modere yo gen ladan tenis, foutbòl, kous anplennè, oki sou gazon ak natasyon.

Espò ki gen pi gwo risk yo, ki gen ladan sila yo ki mande anpil kontak fizik, ka kòmanse pratike nan dat 21 septanm men pa ka jwe jiska yon dat annapre oswa 31 desanm. An akò ak [direktiv](#) Depatman Sante pou espò ak rekreyasyon pandan ijans sante piblik COVID-19 la, pratik pou espò ki gen plis risk yo limite pou moun oswa gwoup, fòmasyon ki pa gen kontak oswa gen ti kontak. Espò ki gen pi gwo risk yo ki gen ladan foutbòl ameriken, rigbi, oki ak volebòl.

"Eta a te fè anpil rechèch sou fason nou ka pèmèt elèv nou yo patisipe nan espò lekòl ak fè egzèsis yo bezwen, ak direktiv nou te devlope yo pral pèmèt espò ki gen mwens risk yo kòmanse pratike ak jwe nan mwa k ap vini an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap apwoche espò pou jèn yo jan nou te apwoche tout lòt bagay nan re-ouvèti pwogresif nou an - ekip yo pa otorize fè konpetisyon andeyò rejyon yon lekòl oswa rejyon vwazen nan moman an jiskaske nou ka evalye efè yo."

Lekòl yo dwe swiv direktiv Depatman an pou konduit espò nan lekòl. Lekòl yo pral dwe limite kapasite etablisman pa anndan yo pou pa plis pase 50 pousan okipasyon ak limite espektatè yo pou pa plis pase de espektatè pou chak jwè, anplis ke yo dwe aplike distans sosyal ak kouvèti figi.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)